

Transfè Avantaj

Kisa li ye?

Yon Transfè Avantaj se yon kontra jiridik ki transfere dwa oswa avantaj kontra asirans ou bay yon lòt moun oswa konpayi.



Lòt moun oswa konpayi ou transfere avantaj asirans ou bay li a, kanpe nan plas ou epi li gen otorite pou depoze yon reklamasyon, pran desizyon konsènan reparasyon, epi touche peman asirans.



Èske mwen ka anile li?

Ou gen obligasyon jiridik pou respekte kontra Transfè Avantaj yo.

Pa gen okenn "delè refleksyon" epi jeneralman konsomatè yo pa ka anile li.



Ki sa mwen dwe veye?

Gen kèk endikatè kle pou ede detèmine si w ap siyen yon AOB:

- Yo mande w pou w siyen yon AOB pou kòmanse pwosesis reparasyon an.
- Langaj sa a anpeche konpayi asirans ou an kominike avèk ou sou reklamasyon ou an.
- Langaj sa a bay lòt moun oswa konpayi a dwa pou negosye ak chanje chèk nan non ou.

Lòt endikatè a se chèche "Sèvis Gratis" oswa yon konpayi k ap ofri anile pòsyon dediktib ou a.

Lwa Florida entèdi moun peye, anile, oswa bay ranbousman pou okenn pati nan dediktib yon asirans pou reparasyon pwopriyete ki gen pwoteksyon asirans.



Mas 2017

Men kijan pou w jere reklamasyon asirans ou a

Anba a se kèk nan dwa ou ak responsablite ou genyen kòm yon kliyan asirans ansanm ak konsèy pou ede fasilite yon pwosesis reklamasyon san grate tèt.



Avan yon Reklamasyon:

- Byen li chak paj nan kontra asirans ou a
- Poze ajan asirans ou a kesyon pou klarifikasyon

Touswit apre yon pèt:

- Fè reparasyon tanporè yo
- Pa jete anyen
- Pèmèt konpayi an enspekte anvan yo fè reparasyon pèmanan oswa retire debri



Pandan pwosesis reparasyon an:

- Verifye si tout konpayi konstriksyon yo gen lisans ak asirans. Pou fè sa ale sou sitwèb Depatman Regleman Biznis ak Pwofesyonèl la ak Baz Done Divizyon Prèv Pwoteksyon Konpansasyon Travayè a
- Li kontra a nèt avan ou siyen li
- Ou pa bezwen siyen yon AOB pou yo ka trete reklamasyon asirans ou a oswa pou yo repara kay ou
- PIGA ou siyen okenn bagay ou fin konprann vreman
- Revize zouti finansye ak asirans ki disponib sou sit wèb Sèvis Konsomatè nan Depatman Sèvis Finansye yo



Lis Bagay ou Bezwen pou Prezante yon Reklamasyon

Anba a se yon lis verifikasyon ou ka sèvi kòm yon resous pou navige pwosesis reklamasyon an.

- Kontakte konpayi asirans ou touswit pou deklare dega a epi pwograme yon lè pou ajistè a enspekte dega yo.
- Pran foto dega yo.
- Fè reparasyon ijan oswa tanporè.
- Sere resi pou nenpòt reparasyon.
- Fè yon envantè nan bagay ki domaje.
- Pa jete okenn bagay san w pa gen otorizasyon asirans konpayi a avan.
- Fè yon lis nenpòt kesyon ou ta renmen poze ajistè asirans lan.
- Mande yon kopi rapò dife oswa lapolis, si li aplikab.

